

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode panalungtikan nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan gumantung kana tujuan panalungtikan sarta sipat masalah nu digarap. Dumasar katerangan, dina ieu panalungtikan digunakeun méthode déskriptif. Ajén-inajén nu nyangkaruk dina tradisi ngaruat Coblóng dipedar kalawan mérélé tur jéntré.

#### **3.2 Téhnik Panalungtikan**

Aya dua téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

##### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ngumpulkeun data digunakeun sababaraha téhnik ngumpulkeun data, di antarana nyaéta téhnik studi pustaka, obsérvasi, jeung wawancara.

Studi pustaka digunakeun pikeun meunangkeun data nu sipatna dokumén (gambar atawa tulisan). Studi pustaka ogé digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patula-patalina jeung objék panalungtikan.

Obsérvasi nyaéta niténan upacara ngaruat Coblóng sangkan data nu dicangking leuwih lengkep tur jéntré. Obsérvasi di dieu penting dilakukeun sangkan bisa meunangkeun data nu teu kacangking dina waktu wawancara atawa studi pustaka.

Wawancara dimaksudkeun pikeun meunangkeun data langsung ti informan nu apal kana tradisi Ngaruat Coblóng sangkan data-data nu kacangking bener-bener akurat.

##### **3.2.2 Téhnik Analisis Data**

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Coblóng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sakabéh data tina hasil obsérvasi jeung wawancara satuluyna dikumpulkeun sarta dipasing-pasing pikeun kapentingan panalungtikan. Data nu dianggap ngarojong satuluyna dianalisis dumasar métode panalungtikan nu digunakeun.

33

### **3.3 Wangenan Operasional**

Aya sababaraha istilah nu perlu dijéntrékeun nu aya patalina jeung panalungtikan sangkan engkéna henteu nimbulkeun salah tafsir.

Judul panalungtikan nyaéta *Tradisi Ngaruat Cobleng di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII*.

#### 1) Kabudayaan

Kabudayaan nyaéta *manifestasi* kahirupan unggal jalma jeung sakelempok jalma, nu boga mangpaat pikeun kahirupan masarakat, ngeunaan tata cara hirup kumbuh di masarakat.

#### 2) Upacara Adat

Upacara adat nyaéta hiji sistem réligi dina hiji kabudayaan, nu gumelarna balukar tina pangabutuh nu turun-tumurun.

#### 3) Tradisi Ngaruat Cobleng

Tradisi ngaruat Cobleng mangrupa hiji upacara adat di Kampung Cirateun nu matuh dilaksanakeun bulan Syawal ku cara salametan jeung ngadu'a di makam Éyang Ngabeui nu geus ngawangun saluran irigasi pikeun masarakat Kampung Cirateun hususna.

#### 4) Pangajaran Maca

Pangajaran maca nyaéta kagiatan diajar ngajar nu ngagunakeun media bacaan.

### **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha bentuk instrumén panalungtikan nu digunakeun, nyaéta format obsérvasi jeung padoman wawancara.

#### 1) Format Obsérvasi

Format obsérvasi digunakeun panalungtik dina ngalakukeun obsérvasi sangkan data-data nu kacangking bisa kawatesanan sarta teu méngpar jauh tina bahasan panalungtikan.

#### 2) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun patokan, nu mangrupa daptar patalékan nu patali jeung masalah panalungtikan. Runtuyan patalékan wawancara nu kasampak ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih ngalegaan. Pikeun nyiptakeun suasana nu leuwih lugina, patalékan-patalékan téh henteu tuluy merekpek, ngabébéak, tapi awor dina hiji obrolan nu hampang.

#### 3) *Tape Recorder*

*Tape recorder* digunakeun pikeun ngarékam carita nu jadi bahan pikeun masalah nu ditalungtik.

#### 4) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data nu sipatna dokumén.

### **3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan**

Gurat badag panalungtikan nu dilakonon kabagi kana sababaraha léngkah panalungtikan, nyaéta: tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan.

#### **3.5.1 Tatahar**

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Coblóng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kegiatan nu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) néangan katerangan ngeunaan masalah nu rék ditalungtik;
- 2) ngajukeun judul panalungtikan;
- 3) nyusun rarancang (proposal panalungtikan); sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

### **3.5.2 Ngumpulkeun Data**

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) macaan buku-buku sumber ngeunaan upacara adat jeung buku-buku pangrojong séjénna pikeun bahan acuan;
- 2) obsérvasi ka lapangan;
- 3) wawancara ka narasumber;
- 4) ngumpulkeun data; sarta
- 5) konsultasi ka dosén pangaping.

### **3.5.3 Nganalisis Data**

Kegiatan nu dilaksanakeun ngawengku:

- 1) mariksa jeung ngaidéntifikasi data nu geus kakumpul;
- 2) nganalisis data;
- 3) nyieun kacindekan analisis data; sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

### **3.5.4 Nyusun Laporan**

Nyusun laporan mangrupa tahap nu pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu laporan sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Laporan di dieu mangrupa wangun skripsi.

Anapon sistematika dina nyusun ieu laporan nyaéta:

- 1) Bab I Bubuka;

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Bab II Kabudayaan, Upacara adat, Tradisi, jeung Bahan Pangajaran;
- 3) Bab III Métopdelogi Panalungtikan;
- 4) Bab IV Tradisi Ngaruat Coblóng di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII; sarta
- 5) Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi.

### **3.6 Lokasi jeung Sumber Data**

#### **3.6.1 Lokasi Panalungtikan**

Lokasi panalungtikan mangrupa tempat panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan jeung nganalisis bahan panalungtikan. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung.

Panorama alam Kampung Cirateun sacara umum miboga daya tarik nu lumayan gedé. Hiji panorama alam nu ngadumaniskeun pasir jeung maplakna aréal pasawahan jeung rupa-rupa kebon sayuran nu kalintang legana, ditambah hawa nu seger jeung bersih. Kampung Cirateun mangrupa dataran luhur antara 600-1000 *m dpl* , legana kurang leuwih 286 *Ha*, sarta curah hujan rata-rata 1500-3000 *mm/thn*. Sacara géografis, wates wilayah Kampung Cirateun nyaéta: beulah kulon Désa Nyingkir Kabupatén Bandung Barat, beulah kalér Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat, beulah wétan kampung Cidadap Kecamatan Ledeng, sarta beulah kidul Kampung Néglasari Kecamatan Sukasari. Sacara administratif Kampung Cirateun kaasup wilayah administrasi pamaréntahan, Kampung Cirateun diwangun ku opat Rukun Tatangga (RT) jeung tilu Rukun Warga (RW). Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Kampung Cirateun salaku puseur tina sakumna tradisi nu aya di Kampung Cirateun.


Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Coblóng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Masyarakat Kampung Cirateun mayoritas ngagem agama Islam. Salian tina taat kana ajaran-ajaran Islam, masarakat kampung Cirateun ogé masih kénéh nyekel pageuh kapercayaan buhun saperti halna percaya kana hal gaib. Pangaruh kapercayaan buhun nepi ka kiwari masih kénéh napel ngaliwatan kagiatan-kagiatan nyayagikeun sasajén, ngaduruk menyan (ngukus), miara barang-barang karamat, nepi ka ngitung poé hadé jeung poé goréng. Tapi, dina kanyataanna mah agama jeung kapercayaan buhun éta bisa hirup babarengan di masarakat tug nepi ka ayeuna.

Umumna masarakat Kampung Cirateun hirup kumbuh dina lingkungan masarakat tani nu masih nyekel budaya gotong royong. Masarakat masih kénéh mertahankeun adat-istiadat karuhun. Ieu nyampak dina ayana salametan-salametan pikeun maksud nu tangtu. Kagiatan-kagiatan tatanén salawasna sok dibarengan ku upacara-upacara adat. Kagiatan-kagiatan saperti kitu hésé ditinggalkeun, ku sabab éta mangrupa warisan budaya ti karuhun nu tangtu gedé pisan pangaruhna kana kahirupan budaya masarakat di Kampung Cirateun.



Ket:  Lokasi Panalungtikan

### **3.6.2 Sumber Data**

Dina ieu panalungtikan, sumber data digunakeun pikeun meunangkeun data nu ditalungtik. Data bisa mangrupa carita lisan atawa tulisan. Anapon nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta warga masarakat Cirateun, hususna sesepuh-sesepuh Cirateun kalayan katangtuan:

- 1) pituin urang Cirateun;
- 2) umur sakurang-kurangna 40 taun;
- 3) apal kana sajarah ayana tradisi ngaruat Coblong; sarta
- 4) turunan langsung karuhun Cirateun.

### **Biodata Informan**

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Coblong Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	<p>H. Asa Kosasih  Bandung, 22 Juni 1950  Jalan Dr. Setiabudhi No. 76 RT02/01 Kampung  Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota  Bandung</p>
	<p>Didi Mulyadi  Bandung, 24 September 1949  Jalan Dr. Setiabudhi No. 36 RT02/02 Kampung  Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota  Bandung</p>
	<p>Sulaeman  Bandung, 5 November 1955  Jalan Dr. Setiabudhi No. 5 RT 01/01 Kampung  Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota  Bandung</p>

Migi Isna Januar, 2014

*Tradisi Ngaruat Cobleng Di Kampung Cirateun Kelurahan Isola Kecamatan Sukasari Kota Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Di Sma Kelas Xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu